# АРАЛБОЙЫ РЕГИОНЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ БОЙЫНША МЕМОРАНДУМ ИМЗАЛАНДЫ

Өзбекстан Саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы ҳәм Глобал өсиў институты (Global Green Growth Institute) ортасында Аралбойы регионын раўажландырыў бойынша меморандум имзаланды.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Илажда Глобал өсиў институтының мәмлекетимиздеги ўәкили Аарон Рассел, Өзбекстан Саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы Х.Қайпназаров, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң секретариаты баслығы М.Нурманов, Институттың жетекши қәнийгеси А.Тилеўмуратов, Басқарманың район бөлимлери баслықлары қатнасты.

Ушырасыў қатнасыўшылары Қарақалпақстан Республикасының алыс аўылларында киши бизнес ҳәм фермерликти раўажландырыў, экологиялық таза өнимлерди жетилистириў бағдарында бирге ислесиў бойынша пикир-усынысларын билдирди.

Илажда Өзбекстан Саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы ҳәм Глобал өсиў институтлары өз-ара бирге ислесиў бойынша меморандум имзалады ҳәм алдағы режелер белгилеп алынды.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown